

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Méthode Panalungtikan

Sacara gurat badag, méthode miboga harti nyaéta léngkah-léngkah nu sistematis pikeun ngaréngsékeun pasualan nu miboga sabab-akibat. Méthode ogé salaku alat nu miboga fungsi pikeun ngabasajankeun sababaraha pasualan ngaliwatan analisis data, napsirkeun, nepi ka nyindekkeun hasil panalungtikan (Ratna, 2015, kc. 34). Panalungtikan nu digunakeun nyaéta panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta tarékah atawa cara pikeun nyangking data nu dijelaskeun dina wangun déskripsi (Ratna, 2015, kc. 46).

Méthode panalungtikan nu digunakeun nyaéta méthode déskriftif-analitik. Nu dimaksud déskriftif-analitik nyaéta méthode nu miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun atawa ngajelaskeun hiji kajadian, nu miboga hiji variabel atawa leuwih dina panalungtikan ku cara nganalisis objék panalungtikanna (Sudjana, 2004, kc. 52).

3.1.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan miboga tujuan pikeun méré gambaran kumaha léngkah-léngkah panalungtikan nu rék dilakonan. Nurutkeun Narbuko jeung Abu (2009, kc. 57) léngkah panalungtikan nyaéta runtuyan prosés dina panalungtikan ti mimiti ngarumuskeun masalah, nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Ieu di handap mangrupa bagan nu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan.




3.2 Data jeung Sumber Data

Sumber data nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) nyaéta subjék data nu rék ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu perkara nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).

Dina nangtukeun sumber data, dipilih dumasar kana judulna nu patali jeung aspék sosial agama, ékonomi, jeung atikan. Tuluy ditilik tina téma jeung eusina, upama ngagambarkeun réalita kahirupan manusa. Dumasar kana éta pedaran, sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carita budak *UdM* karya Tétti Hodijah, sarta buku-buku séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.2.1 Déskripsi Buku



Gambar 3.1

Anapon data dina ieu panalungtikan nyaéta eusi carita sagemblengna nu aya dina kumpulan carita budak *UdM* karya Tétti Hodijah kalayan idéntitas:

Judul Buku : *Ulin di Monumén*
 Pangarang : Tétti Hodijah
 Pamedal : PT Kiblat Buku Utama
 Taun Medal : 2017
 Kandel Buku : 68 kaca

3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Tétti Hodijah, salah saurang sastrawati Sunda, lahir di Cikalong, Tasikmalaya, 20 Juni 1960. Riwayat atikanna ti mimiti Sakola Dasar di SDN Cikadu, SMPN Cikalong, sarta nuluykeun ka Sekolah Menengah Industri Kerajinan (SMIK) Tasikmalaya jurusan Batik, lulus taun 1981. Tuluy nyuprih élmu di FKIP Uninus Bandung, Prodi Bahasa dan Sastra Indonesia. Ngajar di SMPN 1 Cikalong, Tasikmalaya taun 1983.

Sataun ti harita, Tétti Hodijah digawé di Bidang Permuseuman, Sejarah, dan Kepurbakalaan (PSK) Kanwil Dépdikbud Provinsi Jawa Barat, nu ditugaskeun di Museum Negeri Jawa Barat Sri Baduga nepi ka taun 2014. Ti Museum Sri Baduga, Tétti Hodijah dipindahkeun tugasna ka Balai Cagar Budaya Nilai Budaya dan Sejarah (BPCBNBS). Tétti Hodijah ogé aktip jadi salasahiji Unit Pelaksana Téknis Dinas Pariwisata dan Kebudayaan (Disparbud) Provinsi Jawa Barat, sarta mantuan bidang Humas ti taun 2014 nepi ka ayeuna.

Sastrawati Sunda ieu téh mimiti ngarang dina basa Sunda taun 1980an, nyaéta jaman masih sakola di Tasikmalaya. Karangan nu mimiti ditulis nyaéta wangun carpon jeung kolom. Karanganna dimuat di *Manglé*, satuluyna dina Kalawarta *Kujang*, *Galura*, jeung *Giwangkara*. Salian ngarang dina basa Sunda, Tétti Hodijah ogé nulis dina basa Indonésia, boh carpon boh artikel nu dimuat dina sababaraha media di antarana *Pikiran Rakyat*, *Mitra Désa*, *Mingguan Pelajar*, *Suara Daérah*, jeung *Bandung Pos*. Tétti Hodijah kungsi jadi Sekertaris Paguyuban Sastrawati Sunda, PATREM ti taun 1990-1996, tuluy jadi Wakil Pupuhu ti taun 1996 nepi ka ayeuna. Kungsi jadi Bendahara Paguyuban Pangarang Sastra Sunda (PP-SS) taun 1996-2000. Lian ti éta, ogé jadi anggota Wanita Penulis Indonésia (WPI) ti taun 1993. Sababaraha karangan Tétti Hodijah di antarana buku *Batik Nan Cantik* (1997), *Pasaduan* (2006), buku kumpulan carpon *Sariak Layung jeung Peuting nu Éndah* (2016), sarta buku kumpulan carita budak *Ulin di Monumén* nu nyangking *Hadiah Samsodi* taun 2018.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dumasar kana prosedur panalungtikan, aya nu disebut téhnik ngumpulkeun data. Téhnik mangrupa salahsahiji cara atawa prosedur anu kudu

dilakonan kalawan ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan jeung sasaran nu dipiharep dina hiji panalungtikan téh bisa kahontal. Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta studi pustaka, jeung analisis téks. Nurutkeun Wirartha (2006, kc. 36) métode ngumpulkeun data tina dokumen atawa sumber pustaka disebut studi pustaka. Pikeun ngolah data digunakeun téhnik analisis téks. Analisis téks nya éta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan ku cara ngajéntrékeun hasil panalungtikan dina wangun déskriptif.

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun dina ngumpukeun data sangkan lengkep tur sistematis, sarta ngarah leuwih gampang diolah (Sudjana, 2004 kc. 58). Dina ieu panalungtikan, instrumén nu dipaké nyaéta kartu data. Kartu data nyaéta instrumén nu wangunna tabél pikeun nganalisis data nu kapanggih.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data, saperti ieu di handap.

3.3.2.1 Kartu Data Aspék Sosial

Tabel 3.1
Ayana Aspék Sosial dina Carita

No	Judul Carpon	Aspek Sosial		
		Agama	Ékonomi	Atikan

3.3.2.2 Kartu Data Ulikan Objéktif

Tabel 3.2
Kartu Data Galur

Galur	Cutatan Carita	Kaca

Tabel 3.3
Kartu Data Latar

Latar			Cutatan Carita	Kaca
Waktu	Tempat	Sosial		

Tabel 3.4
Kartu Data Pentingna Tokoh dina Carita

Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Fungsi Penampilan Tokoh	
	Utama	Tambahan	Antagonis	Protagonis

Tabel 3.5
Kartu Data Palaku jeung Watek

Ngaran Palaku	Watek	Cutatan Carita	Kaca

Tabel 3.6
Kartu Data Jihat Sawangan

Jihat Sawangan	Cutatan Carita	Kaca

Tabel 3.7
Kartu Data Téma

Téma	Cutatan Carita	Kaca

3.3.2.3 Kartu Data Ulikan Mimétik

Tabel 3.7
Kartu Data Ulikan Mimétik

Mimétik	Cutatan Carita	Kaca